**Муниципальное образовательное учреждение дополнительного образования детей**
**«Дом детского творчества Пригородного района»**

**Утверждаю:**
**_______ Волохова Л.Л.**
**директор ДДТ**

# *Сценарий*
# *«Пусть фæндыр и доул всегда играют, над Аланией звенят»*

Хъуысы ирон рагон уæздан цагъд «Рагон хонга кафт.»

***1.Ведущий***

Ирон цагъд, нæ адæмы стыр хæзна, фæлтæрмæ æрхæццæ нæ кæстæртæм дæр. Мах ын йæ кад йæ намыс сæрыстырæй дарддæр хæссæм. Ирон фæндырæн æмæ доулийæн йæ рæсугъд цардбæллиццæлтæ Иристоны кæмтты, хæхты арф хъарынц адæмы зæрдæтæм.

***«Ногирская хонга».***

***2.Ведущий***

Фæндыр æмæ доулийы руаджы иу равдыстой сæ зæрдæты бæллицты уарзт, сагъæстæ, маст.

Ирон фæндыр æмæ доулийы
Æнæмæлгæ зæлтæ
Цы ис сымахæй
Æхцондæр мæ риуы?
Сымах нынкъуысут
Быңдзарæй мæ зæрдæ
Сымах стут йæ удвæрæн нæ Ирæн.

***«Старинный Симд».***

***1 Ведущий***

Ирон фæндыр! Цымæ йæ заманты цал ирон фæлтæры фæрæвдыдта, цас æнкъарæнтæ фæцагайтой, йæ цагъдмæ цас фæссивæд фæкафыд, фæзарыд.

***Песня «Цъæйдон».***

***2 Ведущий***

Г.Плиты æмдзæвгæ «Ирон фæндыр»: I. «Фæндыр... Нæ быдырты нæ хæхты
Йæ райдзаст цины сæр дæ ды!
Дæ хъæлæс мин мыртæй куы цæгъды,
Уæд удæн цас хъару дæтты.
II. Ирон лæджы фæрныг хæдзары
Куывд уа, чындзæхсæв уа
Фæндыр сæдæ фæлмæн хъæлæсæй зары

***Песня «О Матери»***

**<u>*1 Ведущий*</u>**

Фælæ куы цæуы уарзт нæ риуæй
Уæд та дæ кæуын у уынгæг
Дæ хъæлæс хинымæр фæниуы,
Фæкæуы хус цæстытæй лæг
Лыстæг дæ мыр-мырæг
Æрбайсы къухмæ чызг йæ фæндыр
Æмæ рæсугъд æрцæгъды рог
Лæджы та уарзын ног æрфæнды
Цæрын æрфæнды уды ног.

***Песня «Мæ сæфт амонд».***

**<u>*2 Ведущий*</u>**

Ханты цагъд. Ацы рæсугъд æнкъард цагъдмæ иу кафыдысты уæздæдтæ. <u>Дзурынц. Цъамады дам</u> æрцыд ацы хабар. Иу лæгæн уыдис дыууæ чызджы «Хантæ» афтæ сæ хуыдта фыр буцæн сæ фыд, зыдтой аив фæндырыл цæгъдын. Бирæ курджытæ сæ уыдис, фæлæ чызджыты аскъæфта æлдар Бæтæхъо, æмæ сæ бæрзонд мæсыджы сæхгæдта, бирæ фæкуыдтой чызджытæ, æмæ куы бамбæрзтой æлдар сын тых бакæндзæн, уæд фæндыр æрбайстой æмæ ныккодтой «Ханты цагъд», æмæ сæхи æд фæндыр фехстой коммæ. Сæ фæндыры цагъд сын дымгæ кæммтты мæ хæхты хæссы абон дæр.

***«Ханты цагъд».***

**<u>*2 Ведущий*</u>**

Ирон фæндыры цагъд æнгом баст у кафты аивадимæ æмæ зарæджы гуырæнтимæ. Кафт рагæй æрæгмæ уыдис хъæугæ цинхæссæг аивады алыхуызон бæрæггæнæг.

***«Хонга кафт».***

**<u>*1 Ведущий*</u>**

Арф уидæгтæ ауагътой ирон фæндыры зæлтæ нæ царды мидæг. Нæй нæ Ирыстоны æнæ фæндыр æмæ доулийæ цæрæн, фæндыр æмæ доулийы зæлтæ хъуысынц чындзæхсæвты, куывдты, бæрæгбонты. Уадз æмæ кæддæриддæр хъуысой бæрæгбоны зарджытæ.

***«Цины зарæг***
***Круговой танец «Эльбрус».***

**<u>*2 Ведущий*</u>**

Куыд фæзæгъынц иу бæласыл цас фæнды сыфтæр ма уæд, уæддæр дзы хъæд нæй. Хъæд бирæ, бирæ бæлæстæй фидауы, мæнæ ахæм бæлæстæй.

***«Симд» и «Круговой свадебный танец».***

**<u>*1 Ведущий*</u>**

Уадз æмæ нæ гыццыл Ирыстонылхъуыса ирон фæндыры цагъд, сабырдзинад æмæ уарзондзинад уæлахиз кæнæт кæддæриддæр, макуыуал уæт хæст, æмæ нæ гыццыл рæзгæ сабитæ æнæмастæй хъомыл кæнæт.
Æнæмастæй куыд цæрæм нæ сыхаг адæмы хæттытимæ.

Составитель: Хосроев Альберт Измаилович.